

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) désain Panalungtikan (2) sumber data panalungtikan, (3) Prosedur Panalungtikan (4) Téhnik Ngumpulkeun Data, (5) Instrumént Panalungtikan, jeung (6) téhnik analisis data

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan pamarekan anu digunakeun nya éta pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimént. Nurutkeun Arikunto (2013) pamarekan kuantitatif téh lobana ngagunakeun angka, dimimitian tina ngumpulkeun data, napsirkeun data anu ngahasilkeun hiji kacindekan. Sedengkeun Métode kuasi ékspérimen atawa disebut ogé ékspérimént semu, nyaéta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu make kelas kontrol (Nazir, 2009).

Nurutkeun Arikunto (2013) désain panalungtikan kuasi ékspérimént kabagi jadi tilu rupa désain panalungtikan, nyaéta; 1) *one shoot case study*; 2) *one group pretest and post design*; 3) *posttest only control group design*. Désain dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pretest and posttest design*. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun *pretest* jeung *posttest*. Ieu desain panalungtikan téh dilakukeun sababaraha tahap nya éta *pretest*, *treatment*, jeung *posttest*. Panalungtikan ieu ngagunakeun kelas ékspérimént kalawan henteu maké kelas kontrol, anu tujuanana pikeun nyaho bédana antara kamampuh maca pamahaman siswa saméméh jeung sabada make métode PQRST.

Dina ieu panalungtikan ngalaksanakeun pretest nyaéta pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina maca pamahaman carita pondok saméméh ngagunakeun métode PQRST. Sabada ti éta, siswa dibéré perlakuan (*treatment*) dina kumaha cara ngalarapkeun métode PQRST dina maca pamahaman carita pondok. Anu pamungkas, siswa ngalaksanakeun posttest pikeun maluruh kumaha kamampuh siswa dina maca pamahaman carita pondok sabada ngagunakeun métode PQRST. Desain anu digunakeun dina panalungtikan, digambar sperti ieu di handap.

Tabél 3. 1

Desain Panalungtikan

Saméméh (Pretest)	Treatment	Sabada (Posstest)
O ₁	X	O ₂

(Arikunto,2013)

Katerangan:

O₁ :*Pretest* (Kamampuh maca pamahaan carita pondok siswa saméméh ngagunakeun métode PQRST)

X :*Treatment* (Pangajaran maca pamahaman carita pondok ngagunakeun métode PQRST)

O₂ :*Posttest* (Kamampuh maca pamahaan carita pondok sabada ngagunakeun métode PQRST)

3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 1 Lembang anu aya di Jl. Raya Lembang, Kecamatan Lembang, Kabupaten Bandung Barat, Jawa Barat. Anu dijadikeun sumber data ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022-2023. Anu jumlahna aya 34 siswa anu ngawengku 17 siswa lalaki jeung 17 siswa awéwé. Anu dijéntrékeun saperti tabél di handap.

Tabél 3. 2

Jumlah siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023

Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
VIII A	17	17	34


Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur atawa alur panalungtikan nétélakeun lénglah-léngkah panalungtikan nu baris dilaksanakeun dina panalungtikan, sangkan leuwih jéntré, digambarkeun prosedur panalungtikan dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 1

Prosedur Panalungtikan

Anapon tahapan- tahapan prosédur atawa alur panalungtikan baris dipedar di handap.

- 1) Masalah anu karandapan dina Pangajaran Maca Pamahaman Carita Pondok

Saméméh dilaksanakeun ieu Panalungtikan, panalungtik maluruh heula pasualan anu karandapan dina pangajaran maca pamahaman carita pondok di

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kelas VIII A SMPN 1 Lembang ngaliwatan wawancara ka salah sahiji guru Basa Sunda SMPN 1 Lembang jeung wawancara ka sababaraha siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang.

2) Rumusan Masalah

Sabada maluruh ngaidéntifikasi masalah, tuluy panalungti ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh maca pamahaman di kelas VIII-A SMP Negri 1 Lembang.

3) Raraga téori

Sabada ngarumuskeun masalah, tuluy panalungtik ngajieun raraga téori pikeun salaku acuan tur gambaran ngeunaan objék panalungtikan ogé ngarojong kana ieu panalungtikan ngeunaan métode PQRSST dina kamampuh maca pamahaman carita pondok

4) Ngarumuskeun Hipotésis

Sabada nangtukeun tiori, tuluy panalungtik ngarumuskeun hipotésis. Hipotésis nyaéta jawaban anu sipatna samentara nu kudu diuji deui bebeneranna. Panalungtik ngarumuskeun heula hipotesis pikeun dadasar ogé jawaban awal tina panalungtikan, tuluy dibuktikeun bebeneranana.

5) Nyusun Instrument panalungtikan

Sabada ngarumuskeun Hipotésis, Panalungtik ngarumuskeun instrument panalungtikan, Nyusun instrument penting dilaksanakeun lantaran ieu salaku alat pikeun ngukur kamampuh siswa, nyaéta mangrupa soal *pretest* jeung *posttest* dina kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa. Ieu soal instrument anu geus dijieun ku panalungtik divalidasi ku para ahli.

6) *Pretest*

Panalungtik ngukur kampu siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun métode PQRSST dina kamampuh maca pamahaman carita pondok. Data hasil *pretest* dianalisis sarta diasupkeun kana format penilaian.

7) *Treatmen* jeung ngagunakeun métode PQRSST

Sabada mikanyaho kamampuh awal siswa di kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 dina kamampuh maca pamahaman carita

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pondok saméméh ngagunakeun métode pangajaran, tuluy dibéré perlakuan ngagunakeun métode PQRST.

8) Posttest

Sabada dibéré perlakuan (*treatment*) tuluy panalungtik ngukur deui kumaha kamampuh maca pamahaman siswa dina carita pondok sabada ngagunakeun métode PQRST. Data hasil posttest dianalisis sarta diasupkeun kana format penilaian. Ieu data dijadikeun dasar maluruh ngaronjat heunteun nilai saméméh jeung sabada ngagunakeun métode PQRST.

9) Analisis Data

Data anu geus dikumpulkeun ngaliwatan tés ka siswa nyaéta pretest jeung posttest tuluy dianalisis ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi SPSS PASW versi 26.

10) Nyieun kacindekan

Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, tuluy panalungtik nyieun kacindekan anu disusun kana wangun skripsi.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Nurutkeun Sudijono (2007) tés mangrupa hiji alat évaluasi pikeun ngumpulkeun data informasi ngeunaan kahontalna tujuan pangajaran. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa dina pangajaran maca pamahaman carita pondok. Dina ieu panalungtikan. Tés tulis anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa kelas VIII-A SMPN 1 Lembang taun ajar 2022/2023 dina maca carita pondok. Tés awal (*pretest*) pikeun mikanyaho gambaran atawa kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa saméméh dibéré *treatment*. Sedengkeun tés ahir (*posttest*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil ahir diajar siswa sabada uji coba kalawan ngagunakeun métode PQRST.

3.5 Instrumént Panalungtikan

Instrumént dina panalungtikan miboga kalungguhan nu kacida pentingna. Instrument panalungtikan nyaéta mangrupa alat pikeun meunangkeun data jeung ngumpulkeun data atawa ngukur objék tina variabel panalungtikan. Ieu luyu jeung

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (*Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pamadegan Sugiyono (2015) yén instrument panalungtikan salaku alat nu digunakeun pikeun ngukur hiji hal anu aya dina panalungtikan. Nurutkeun Kuswari (2010) instrument panalungtikan dibagi jadi opat rupa nyaéta observasi, interview (wawancara), question (angkét), jeung tés.

Dina instrument ieu panalungtikan ngagunakeun tés nyaéta tés tulis dina wangun soal opsional pilihan ganda anu mangrupa téhnik évaluasi nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sarta ngukur kamampuh maca pamahaman carita pondok.

Dina prak-prakanna panalungtikan dilaksanakeun kalawan tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) anu pungsina pikeun mikanyaho kamampuh siswa kelas VIII-A SMP Negeri 1 Lembang dina maca pamahaman carita pondok saméméh ngagunakeun métode pangajaran PQRSST jeung sabada ngagunakeun métode pangajaran PQRSST.

Tés dilakukeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maham eusi carita pondok dina nangtukeun: 1) aspék struktur téks carita pondok anu ngawengku narasi jeung dialog, 2) aspék unsur-unsur carita pondok nu ngawengku téma, tokoh, watek, puseur sawangan, alur carita, amanat, amanat latar carita jeung 3) aspék kabasaan carita pondok anu ngawengku kalimah langsung, teu langsung, jeung gaya basa. Wanda tés anu digunakeun dina panalungtikan nyaéta tés tulis dina wangun soal opsional pilihan ganda anu jumlahna soal tés nyaéta 20 soal.

Kisi-kisi ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun méré watesan ngeunaan instrument anu bakal dibikeun ka siswa. Kisi-kisina saperti ieu di handap.

Tabél 3. 3

Kisi-kisi soal pilihan Ganda Tés kamampuh Maca pamahaman Carita Pondok

Pretest jeung posstest

Sekolah	: SMPN 1 Lembang
Kelas	: VIII-A
Semester	: Ganjil
Tahun Ajaran	: 2022/2023
Kurikulum	: 2013 revisi 2017
Mata pelajaran	: Bahasa Sunda
Materi Pokok	: Carita Pondok
Alokasi Waktu	: 2 Jam pelajaran (80 Menit)
Jumlah soal	: 20 Pilihan Ganda

KOMPETENSI DASAR (KD)					
3.7 Memahamami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan carita pondok					
No.	Materi	Indicator soal	Ranah Kognitif	Jumlah Butir Soal	No soal
1	Tokoh	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi para pelaku. Tokoh utama, panglengkep dengan tepat.	C1	2	6, 13
2.	Watek	Disajikan teks carpon, Peserta didik dapat mengidentifikasi watek tokoh dalam cerita	C1	1	10
3	Latar	Disajikan teks carpon, Peserta didik dapat mengidentifikasi latar waktu, suasana, dan tempat dengan tepat	C1	3	3, 11, 17
4.	Galur	Disajikan teks carpon, Peserta didik dapat mengidentifikasi galur dengan tepat	C1	2	2, 19
5		Disajikan teks carpon, Peserta	C1	1	18

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	Puseur Sawangan	didik dapat mengidentifikasi sudut pandang dengan tepat			
6.	Tema	Disajikan teks carpon, Peserta didik dapat menjelaskan tema dengan tepat	C2	2	4,5
7.	Amanat	Di sajikan teks carpon, Peserta didik dapat menyimpulkan amanat dengan tepat	C5	1	16
8.	Kalimah langsung	Disajikan teks carpon, Siswa dapat menentukan kalimah langsung dengan tepat	C3	1	12
9.	Kalimah teu langsung	Disajikan teks carpon Peserta didik dapat menentukan kalimah teu langsung dengan tepat	C3	1	15
10	Pikiran utama paragraph	Disajikan teks carpon, Peserta didik dapat menentukan pikiran utama dengan tepat	C3	1	14
11.	Narasi	Disajikan teks carpon, Peserta didik dapat menentukan teks narasi dengan tepat.	C3	1	1
12	Dialog	Peserta didik dapat mengkategorikan dialog dengan tepat	C2	2	8,20

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

13.	Kalimah injeuman	Disajikan teks carpon Peserta didik dapat mengartikan kalimah injeuman dengan tepat	C2	1	9
14.	Sinomin	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat menjelaskan sinonim dari kata yang dipilih	C2	1	7

3.6 Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan nu dilakukeun sanggeus sakabéh data bérés kakumpul ti réspondén (Sugiyono, 2017). Dina tujuan analisis data pikeun nguji hipotésis sarta ngajawab rumusan masalah nu saacanna geus dirumuskeun. Data anu geus kakumpul tuluy dianalisis pikeun ngajawab hipotésis. Data anu diolah jeung dianalisis téh hasil tina hasil pretest jeung *posttest*. Ku kituna aya sababaraha léngkah analisis data dina ieu panalungtikan anu baris dijéntrékeun saperti ieu di handap

- 1) Mariksa hasil prétest jeung posttest kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa dumasar kana aspék kritéria dina tabél ieu di handap.

Tabél 3. 4

Skala Skor Aspék Maca Pamahaman Carita Pondok

No	Aspék	Skor	Kritéria
A.	Struktur	0	Kurang pisan : eweuh jawaban nu bener
	a. Narasi	5	Kurang : saeutik jawaban anu bener
	b. dialog	5-10	Sedeng : jumlah jawaban bener jeung salah leuwih saimbang
		10-15	Hadé : Loba jawaban anu bener,
B.	Unsur	0-15	Kurang pisan : eweuh jawaban nu bener
	a. Téma	15-30	Kurang : saeutik jawaban anu bener
	b. Tokoh		
	c. Watek		

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	d. Latar	30-45	sedeng : jumlah jawaban benar jeung salah leuwih saimbang
	e. Galur		
	f. sudut pandang	45-60	Hadé : Loba jawaban anu benar
	g. amanat		
C.	Kabasaan	0-10	Kurang pisan : eweuh jawaban nu benar
	a. Kalimah langsung	10-15	Kurang : saeutik jawaban anu benar
	b. Kalimah teu langsung	15-20	sedeng : jumlah jawaban benar jeung salah leuwih saimbang
	c. Sinonim	20-25	Hadé : Loba jawaban anu benar
	d. Harti kecap		

(Nurgiantoro, 2011) kalayan diropéa nyaluyukeun jeung kabutuhan sarta kondisi siswa)

- 2) Méré peunteun kana hasil kamapuh maca pamahaman carita pondok siswa, dumasar maké rumus sapertiieu dihandap.

$$P = \frac{\sum Skor Siswa}{\sum Skor Maksimal} \times 100$$

Keterangan

P : Peunteun

$\sum$ Skor siswa : Jumlah peunteun siswa

$\sum$ Skor Maksimal : Jumlah peunteun maksimal

- 3) Ngasupkeun peunteun jeung skor kritéria kamapuh maca pmahaman carita pondok, ngagunakeun format skala saperti ieu di handap.

Tabél 3. 5

Format nilai prétest Kamapuh Maca Pamahaman Carita Pondok

No. Absen Siswa	Aspék Kamapuh Maca Pamahaman Carita Pondok			P	Kat
	A	B	C		
Σ					
X					

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3. 6

Format nilai Posttest kamampuh Maca Pamahaman Carita Pondok

No. Absen Siswa	Aspék Kamampuh Maca Pamahaman Carita Pondok			P	Kat
	A	B	C		
Σ					
X					

Katerangan :

A = Struktur

B = Unsur

C = Kabasaan

P = Peunteun

K = Katerangan

 Σ = Jumlah

X = Rata- rata

Pikeun ngukur kamampuh ahir siswa dina maca pamahaman carita pondok diayakeun katégori penilaian. Katégori penilaian dijadikeun acuan ahir dina peunteun siswa kaasup dina katégori tuntas jeung can tuntasna siswa dina maca pamahaman carpon. Ieu di handap ngajéntrékeun katégori penilaian dina kamampuh siswa.

Katégori = Peunteun > 75 siswa dianggap tuntas dina maca pamahaman carpon

Peunteun < 75 siswa dianggap can tuntas dina maca pamahaman carpon

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data anu ngwengku uji normalitas pikeun mikanyaho normal atawa henteuna data, sarta ngalakukeun uji hipotésis. dina ieu panalungtikan dianalisis ngaliwatan aplikasi IBM SPSS versi 26. SPSS mangrupa aplikasi pikeun analisis statistik. Ieu aplikasi bisa mantuan panalungtikan pikeun ngolah, ngitung, jeung nganalisis data dina panalungtikan sacara statistik.

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6.2 Uji Normalitas

Uji normalitas digunakeun pikeun mikanyaho naha data anu rék diolah téh mangrupa kana data anu miboga distribusi normal atawa heunteu (Sugiyono, 2012). Ku kituna, aya sababaraha métode pikeun nguji normal atawa heunteuna data, salah sahijina nyaéta *kolmogrov-smirnov* atawa *shapiro-wilk*. Pikeun nguji hipotésis normalitas data dina ieu panalungtikan, dijéntrékeun dinaieu dihandap.

H_0 : Data miboga distribusi normal

H_1 : Data miboga distribusi teu normal

Ieu uji normalitas dilakukeun ku cara ngagunakeun uji Shapiro-Wilk, Sabab jumlah dina data unggal kelompok kurang ti 50, Kriteria ngujina saperti ieu dihandap.

H_0 : ditarima, saupama nilai sign (Signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 : teu ditarima, saupama nilai sign (signifikansi) $\leq 0,05$

3.6.2.1 Uji Hipotésis

Nurutkeun Arikunto (2013) hipotésis mangrupa dugaan anu can bisa ditingali bebeneranana atawa bisa disebut bener lamun geus dirojong ku ayana bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan panlungtikan. Uji Hipotésis dilaksanakeun pikeun nguji bebeneran hiji pernyataan sacara statistic, ogé nangtukeun ditarima atawa ditolakna hipotésis.

Upama hasiluji normalitasna nuduhkeun data anu miboga distribusi data anu normal, mangka datana diuji ngagunakeun *Statistika Parametrik* kalawan ngagunakeun *t-test*. Sedengkeun upama datana miboga distribusi anu teu normal, datana diuji ngagunakeun *Statistika non-parametrik* kalawan ngagunakeun *uji Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) : Teu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada digunakeunna métode PQRST dina kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII-A SMPN 1 Lembang 2022/2023.

H_1 (Hipoétesis alternatif) : Aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada digunakeunna metode PQRSST dina kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII-A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023.

Dumasar kana hipotésis di luhur, kritéria ngujina saperti ieu dihandap.

H_0 ditarima atawa H_1 ditolak. Saupama nilai signifikan (sig) $> 0,05$.

H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Saupama nilai signifikan (sig) $< 0,05$.